



ATANSYON PARAN:

MESAJ ENPÒTAN KONSÈNAN DISTRIBISYON MANJE

DEPATMAN AGRIKILTİ MANDE POU W MONTRE IDANTIFIKASYON POU ELÈV KI PA PREZAN LÈ W PRAL CHÈCHE MANJE. IDANTIFIKASYON AN KA NAN FÒM YON KAT 'ID' ELÈV, KANÈ LEKÒL, RAPÒ SOU PWOGRÈ, EKS. SILVOUPLÈ METE W AN KONFÒMITE AVÈK ENFÒMASYON ANBA A SI OU PRAL CHÈCHE MANJE POU ELÈV KI KA PA PREZAN PANDAN DISTRIBISYON MANJE:

- SI ELÈV/TIMOUN YO PA KAPAB PREZAN POU AL CHÈCHE MANJE, YON PARAN/ADILT DWE MONTRE YON ID ELÈV OUBYEN YON LÒT FÒM IDANTIFIKASYON KI VALID POU CHAK ELÈV/TIMOUN POU YO KA PRAN MANJE POU YO. YO AP MONTRE ANPLWAYE LEKÒL NAN ANDWA DISTRIBISYON AN ID A NAN YON DISTANS SOSYAL OMWEN 6 PYE KI ASIRE YO ANSEKIRITE. PA GEN OKENN OBLIGASYON POU YON MOUN SIYEN, ESKANE OUBYEN ANREJISTRE ENFÒMASYON PÈSONÈL, PASKE MONTRE CHAK ID ELÈV AKSEPTAB.